

THE COLLEGE BOARD

SAT Test Directions Translated into <HAITIAN CREOLE> for Students Fall 2018 School Day Testing Only

Notes to the Proctor: This document should be printed and distributed once students are seated.

Students may use this document to read translations of the directions that are read aloud or printed in their test book.

Students may keep this document open and on their desk during the entire testing period.

Students may **not** be given additional time, unless approved by College Board as a separate accommodation.

Collect this document from each student at the end of testing and securely destroy it

© 2018 The College Board. College Board and SAT are registered trademarks of the College Board.
Unauthorized copying or reuse of any part of this document is illegal.

Sa Ki Anndan Dokiman an

Nòt pou Elèv la	3
1 Tèks Estanda SAT a	3
1.1 Anvan Tès la Kòmanse	3
1.2 Distribisyon Fèy Repons la	4
1.3 Distribisyon Liv Tès la	5
1.3.1 Esplikasyon yo pou Kouvèti Devan an	7
1.3.2 Esplikasyon yo pou Kouvèti Dèyè a	8
1.4 Seksyon 1 — Tès Lekti	9
1.4.1 Pandan Pòz la	10
1.4.2 Eksplikasyon yo pou Seksyon 1 Liv Tès la	10
1.4.3 Deklarasyon Sètifikasyon	10
1.5 Seksyon 2 — Tès Ekriti ak Langaj	10
1.5.1 Eksplikasyon yo pou Seksyon 2 nan Liv Tès la	11
1.6 Seksyon 3 — Tès Matematik – San Kalkilatri	11
1.6.1 Pandan Pòz la	12
1.6.2 Eksplikasyon yo pou Seksyon 3 Liv Tès la	13
1.7 Seksyon 4 — Tès Matematik – Kalkilatri	15
1.7.1 Pandan Pòz la	16
1.7.2 Eksplikasyon yo pou Seksyon 4 Liv Tès la	16
1.8 Redaksyon SAT	18
1.8.1 Eksplikasyon pou Liv Tès la	19
2 Apre Tès la	19
2.1 Konplete Fèy Repons yo	19
2.2 Anvan yo Voye Elèv yo Ale	20

Nòt pou Elèv la

- Sa ki anba la a se yon tradiksyon eksplikasyon yo siveyan an pral li byen fò avèk eksplikasyon ekri w ap jwenn nan liv egzamen ou an. Eksplikasyon tradwi sa yo gen dwa pa koresponn mo pou mo ak sa siveyan ou a li yo; men, enfòmasyon enpòtan yo rete menm. Si ou gen kesyon sou sa siveyan ou a ap li a, tanpri leve men ou.
- Siveyan ou an ka sote kèk eksplikasyon ki pa aplike pou tès ou a.
- Ou ka kite dokiman sa a sou biwo ou pandan tout dire tès la, men ou dwe remèt li bay siveyan an apre tès la.
- Ou PA dwe itilize dokiman sa a pou papye bouyon.
- Tanzantan, siveyan ou a pral anonse kantite tan ki rete nan seksyon an, ak lè pou pòz yo tou lè sa apwopriye. Si w ap pran egzamen an ak yon aranjman ki apwouve, anons sa yo kapab diferan de tan an ak pòz yo ki nan dokiman sa a ki tradwi a. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo siveyan ou an ap li.
- Si w ap pran tès la ak aranjman ki apwouve, siveyan ou an kapab ba ou eksplikasyon anplis an Angle.
- Yo itilize senbòl nan tout dokiman sa a pou atire atansyon ou sou enfòmasyon espesifik:



Enfòmasyon Enpòtan



Eksplikasyon siveyan ou a li



Eksplikasyon ou jwenn nan liv tès ou a

1 Tèks Estanda SAT a

1.1 Anvan Tès la Kòmanse

Siveyan ou an ap kòmanse di:



Bonjou. Jodi a ou pral pran SAT a. Sa a se chans ou pou montre ki jan ou prepare pou kolèj ak karyè ou.

Si ou gen kesyon sou nenpòt nan eksplikasyon yo mwen ba ou a, tanpri poze yo, konsa ou ka asire w ap bay pi bon travay posib. Si w ap itilize eksplikasyon enprime yo tradwi a, louvri tiliv la kounye a pou swiv ansanm ak mwen pandan m ap bay enstriksyon yo.

Nan sal sa a, ou pral pran tès la mwen te poste sou tablo a.

Aprè sa siveyan ou an pral di:



The College Boar la te kreye règleman pou bay chak nan nou yon opòtinite egal pou montre konpetans ak konesans ou. N ap voye nenpòt moun ale epi anile nòt li yo si li eseye fè nenpòt nan bagay sa yo pou jwenn plis avantaj:

- Bay oswa resevwa nenpòt kalite èd pandan tès la
- Gade nan liv tès la anvan yo kòmanse tès la
- Travay nan move seksyon an oswa ale nan seksyon ki anvan oswa apre a nan liv tès la oswa nan fèy repons la
- Itilize yon kalkilatris nan yon seksyon ki dwe fèt san kalkilatris
- Make repons yo apre yo di lè a rive

- Pataje kesyon tè la ak nenpòt moun pandan tè la oswa apre tè la
- Sèvi ak nenpòt èd ki pa otorize pou fè tè la, ladan yo telefòn, pandan tè la oswa pandan pòz yo
- Eseye pran tè la pou yon lòt moun

Yo ka ranvwaye ou tou pou:

- Manje oswa bwè pandan tè la (sòf si lekòl la apwouve sa a tankou yon aranjman- si sa pat apwouve, yo pèmèt manje ak bwè sèlman pandan pòz yo)
- Lakòz nenpòt twoub oswa distrè lòt elèv yo
- Ale nan kazye ou oswa kite bilding lan nan lè pòz yo

Ou pral gen jiska 11:59 p.m. Tan zòn lès sou 4yèm jou apati lè tè la te fini pou depoze yon plent pou jou tè la. Si ou wè nenpòt ki konpòtman ki lakòz ou enkyete, tanpri notifiye siveyan egzamen an, ki pral eksplike kijan pou kontakte College Board la. Èske ou gen nenpòt kesyon?

Si lekòl ou a te ranmase zafè pèsònèl elèv yo, siveyan ou pral di:

- Kounye a ou ta dwe remèt tout telefòn yo, oswa nenpòt ki lòt aparèy elektwonik. Si yon moun toujou gen yon aparèy elektwonik nenpòt ki kalite, tanpri dezaktive tout alam yo, fèmen li, epi remèt mwen li kounye a, m ap remèt ou li ankò lè tè la fini.

Si lekòl ou a PA ranmase zafè pèsònèl elèv yo, siveyan ou a pral di:

- Nan moman sa a, si ou gen yon telefòn, oswa nenpòt lòt aparèy elektwonik nan men ou, ou dwe dezaktive tout alam yo, fèmen li nèt, epi mete li sou kote anba biwo ou a jiskaske tè la fini. Nenpòt aparèy elektwonik ki pa fèmen epi mete sou kote kapab konfiske epi y ap enspekte sa li gen ladan li jan sa fèt nan yon envestigasyon.

Aprè sa siveyan ou an pral di:

- Kounye a nou pral kòmanse tè la.
 - Retire tout bagay sou biwo ou eksepte kreyon ou yo ak kalkilatri yo otorize.
 - Si ou te pote yon kalkilatri derezèv oswa pil anplis, mete yo deyò epi mete yo atè a anba biwo ou.
 - Mete nenpòt boutèy dlo ak ti goute anba biwo ou. Fèmen tout sak ak sakado epi mete yo anba biwo ou jiskaske tè la fini.

Lè tout elèv yo pare, siveyan ou a pral di:

- Mwen pral pran yon moman kounye a pou fè yon gade pou asire w ap itilize kalkilatri ki otorize yo.

Aprè sa siveyan ou an pral di:

- Ou pa dwe pataje oswa boukante kalkilatri ak pèsòn. Kounye a mete kalkilatri ou anba biwo ou a. Se jis nan yon seksyon ki vini apre w ap bezwen li.

1.2 Distribisyon Fèy Repons la

Si w ap itilize yon fèy repons an gwo blòk, siveyan ou a pral di:

- Si w ap itilize yon fèy repons gwo blòk, li eksplikasyon yo ki nan paj devan fèy repons lan kounye a. Nimewo paj ou yo pral diferan ak sa mwen anonse yo, men nimewo seksyon yo pral menm ak nimewo seksyon yo mwen bay tout moun yo. Ou pral make kare yo ak yon X olye pou ranpli ti wonn yo.

Après yo fin distribye fèy repons yo, siveyan ou a pral di:

- Sa yo se fèy repons yo ou pral itilize pou make repons ou yo sou tè la.

Si ou gen yon fèy repons ki deja ranpli ki sòti nan yon sesyon anvan ou pran tès la, siveyan ou an pral di:

- Tanpri tcheke pou asire bon non legal ak vrè dat ou te fèt la ekri sou fèy repons lan. Leve men ou si ou gen yon fèy repons ki pa bon.

Si fèy repons ou an gen yon antèt, tanpri verifye si li kòrèk. Si gen erè, leve men ou.

*Si tout moun fin ranpli ranje obligatwa yo, siveyan ou ap pral ale nan **Distribisyon Liv Tès la** nan paj 6. Si ou menm oswa lòt elèv o bezwen ranpli ranje obligatwa yo nan fèy repons la, siveyan ou a pral di:*

- Nan kare 1 an, ekri siyati legal ou, premye non ou, ak inisyal non ki nan mitan an, si ou gen youn,. Sa a nan paj 2 si w ap itilize yon fèy repons gwo-blòk. Mete ladann espas, tirè, oswa apostwòf yo si sa yo fè pati nan non ou. Ekri lèt yo an majiskil nan kare yo, epi ranpli ti wonn ki koresponn yo. Asire w chak mak fons epi ranpli ti wonn nan nèt. Leve tèt ou lè ou fini. Si fèy repons ou an gen yon etikèt, tanpri verifye si li kòrèk. Si ou jwenn nenpòt ki erè, leve men ou epi mwen pral ba ou yon lòt fèy repons pou ranplase li.

Pou seksyon 2-4, siveyan ou a pral di

- Jwenn seksyon 2 a. Leve men ou si ou pa nan lekòl sa a, epi mwen pral vini epi ede ou reponn kesyon yo sou kote egzamen an ap fèt ak sou lekòl. Tout lòt moun, ranpli ti wonn lan pou "Wi," apre sa nan seksyon 3 a, ekri non lekòl nou an, vil, ak eta a. Ou ka kite liy pou peyi a vid. Leve tèt ou lè ou fini.

Nan seksyon 4 la, ekri kòd sis chif lekòl nou an mwen te afiche sou tablo a epi ranpli ti wonn ki koresponn yo. Sa nan paj 3 si w ap itilize yon fèy repons gwo blòk. Leve tèt ou lè ou fini.

Si se lakay ou yo te fè lekòl pou ou, siveyan ou an pral di ou ranpli ti wonn nan pou "Non, se lakay mwen te lekòl " epi antre "970000" nan seksyon 4 la. Si ou ale nan yon lòt lekòl, siveyan ou a pral di ou pou ranpli ti wonn ki ekri "Non, sa se pa lekòl mwen ale chak jou," apre sa, ranpli enfòmasyon lekòl yo nan seksyon 3.

Pou seksyon 5, siveyan ou a pral di:

- Nan seksyon 5, ekri epi ranpli ti wonn pou nimewo ID elèv ou a, kòmanse avèk premye kolòn nan bò gòch la. Si gen lèt nan nimewo ID ou, sote yo epi antre chif yo èlman. Si ou pa konnen nimewo ID elèv ou, oswa ou pa vle bay li, kite seksyon 5 la vid. Leve tèt ou lè ou fini.

Pou seksyon 6 la, siveyan ou an pral di

- Nan seksyon 6 la, ranpli ti wonn pou klas w ap fè a

Pou seksyon 7 la, siveyan ou an pral di:

- Nan seksyon 7 la, mete tout twa pati yo pou dat ou fèt la. Nenpòt ranje 2 chif dwe kòmanse ak yon zero si chif la pi piti pase 10. Mete dènye 2 chif ane ou te fèt la. Leve men ou si ou gen nenpòt kesyon.

Pou seksyon 8 la, siveyan ou an pral di:

- Make ti wonn ki kòrèk la nan seksyon 8 la.

1.3 Distribisyon Liv Tès la

Lè tout elèv yo pare, siveyan ou a pral di:

- Kounye a mwen pral distribye liv tès ou yo. Pa louvri yo jiskaske mwen di w fè sa.

Al gade "Eksplikasyon pou Kouvèti Devan an" nan fen seksyon sa a pou yon tradiksyon kouvèti devan an.

Aprè sa siveyan ou an pral di:

- Verifye pou wè si liv tè s la se vèsyon SAT a mwen ekri sou tablo a— SAT oswa SAT ak Tèks Redaksyon.

Lè ou jwenn liv tè s la, vire li epi ekri an lèt enprime syati ou ou, premye non, ak inisyal dezyèm non ou, si ou genyen youn.

Aprè sa, enprime kòd lekòl sa _____, non lekòl la _____, ak nimewo sal sa a (oswa non) _____.

Gade "Eksplikasyon pou Kouvèti Dèyè a" nan fen seksyon sa a pou yon tradiksyon kouvèti dèyè a.

Aprè sa siveyan ou an pral di:

- Kounye a li kouvèti dèyè a. Li gen enfòmasyon enpòtan sou fason pou make repons yo ak ki jan y ap bay nòt. Lè ou fini li, tanpri leve tèt ou.

Èske ou gen okenn kesyon sou sa ou fèk li a?

Aprè tout kesyon yo finn reponn, siveyan ou a pral di:

- Enstriksyon ki vin annapre yo kritik pou jan y ap bay nòt pou tè s ou a. Si ou pa swiv eksplikasyon mwen yo egzakteman jan m bay yo, yo ka pa ba ou nòt. Tande ak atansyon.

Asire w ke w ap itilize yon kreyon Nimewo 2 epi ou ranpli tout ti wonn yo byen fonsè epi plen yo nèt sou fèy repons lan. Si ou chanje repons ou, efase li nèt. Evite fè nenpòt ki mak , epi pa itilize fèy repons ou kòm fèy bouyon. Ou pa ka sèvi ak yon kreyon mekanik.

Pou seksyon "Form Code" la , siveyan ou pral di:

- Sou do liv tè s ou a, chèche pati ki make "Form Code" la." Kopye lèt yo ak nimewo yo nan kare A a nan do fèy repons ou an egzakteman jan yo montre li sou do fèy tè s ou a epi ranpli ti wonn yo. Si w ap itilize yon fèy repons an gwo blòk, ale nan paj 16 la.

Pou seksyon "ID TÈS la", sipèvizè ou pral di:

- Kounye a chèche seksyon ki make "ID TÈS a." Kopye nimewo a nan fèy repons ou an nan seksyon B a.

Pou seksyon "Test Book Serial Number" ("Nimewo Seri Liv Tès la"), siveyan ou a pral di:

- Gade kouvèti devan liv tè s ou a. Jwenn nimewo a nan kwen anwo adwat liv tè s la ki make "Test Book Serial Number" ("Nimewo Seri Liv Tes la") epi rantrè li nanseksyon C nan fèy repons ou a. Ranpli ti wonn ki koresponn yo.

Pou tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

- Pran yon moman pou asire w ranje ki gen Kòd Fòm nan, ID Tès la, ak Nimewo Seri Liv Tès la konplete kòrèkteman. Li enpòtan pou ou antre kòd ki kòrèk yo sou fèy repons ou a. Sinon, ou ka pa fè nòt.

Pou Kòd Sal Tès la, siveyan ou a pral di:

- Nan seksyon D nan fèy repons ou an, mete kòd twa chif sal tè s la mwen te afiche pou ou.

OSWA

Pou Kòd Sal Tès la, siveyan ou a pral di:

- Kite seksyon D a vid nan fèy repons ou a.

Pou seksyon "Kalite Tès" la, siveyan ou a pral di:



Nan seksyon E a, make ti wonn nan pou tès la w ap pran jodi a, mwen te afiche pou ou a.

Pou tout elèv yo, siveyan ou an pral di:



Si ou fini anvan lè a rive, ou ka verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou pa dwe ale nan okenn lòt seksyon. Ou ka itilize liv tès la kòm bouyon, men ou dwe make repons ou yo nan fèy repons ou an amwenske yo te ba ou pèmision pou make yo nan liv tès ou. Apre yo di lè a rive, ou pa dwe transfere repons ou yo ki nan liv tès ou a nan fèy repons ou an oswa ranpli ti wonn vid yo.

Pandan tès la, kenbe fèy repons ou an ak liv tès la plat nan mitan biwo ou a. Si gen yon bagay ki pa bon nan fèy repons oswa nan liv tès ou a, tankou yon paj ki manke, oswa si ou remake ou te ekri repons yo nan move seksyon an, leve men ou.

Pou fini, ou pa dwe retire fèy repons ak liv tès yo nan sal tès la.

Mwen pral mache nan sal la pou tcheke pwogrè ou. Mwen pral tou kenbe tan ofisyèl la pou tès la. Ou pral gen tan pou pòz pandan tès la lè sa a w ap ka kite sal la a pou ou pran yon ti goute oswa itilize twalèt la.

Sonje, apre tès la fini, pesonn pa ka kite sal la jiskaske mwen voye nou ale. Si w gen nenpòt kesyon sou règleman yo pou tès la, tanpri mande yo kounye a. Mwen pa ka reponn kesyon pandan seksyon tès la ki kwonometre.

1.3.1 *Esplikasyon yo pou Kouvèti Devan an*



Sa ki vin apre a se yon tradiksyon kouvèti liv tès ou a.

ENPÒTAN POU SONJE

1. Ou dwe itilize yon kreyon No. 2 pou tès la. Pa sèvi ak yon kreyon mekanik oswa plim.
2. Pataje nenpòt kesyon ak nenpòt moun se yon vyolasyon règleman Sekirite ak Onète Tès la epi sa ka lakòz rezilta ou yo anile.

LIV TÈS SA A PA DWE KITE SAL LA. YO ENTÈDI REPWODIKSYON OSWA ITILIZASYON KÈLKESWA PATI NAN LIV TÈS SA A SAN OTORIZASYON.

© 2018 The College Board. College Board, SAT, ak logo akòn nan se mak komèsyal College Board la.

1.4 Seksyon 1 — Tès Lekti



Tan estanda pou Seksyon 1 an se **65 minit**, ak yon **10 minit pòz** nan fen seksyon.

Si w ap pran tès la ak yon aranjman apwouve, tan limit ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo siveyan ou a pral li.

Yon tradiksyon eksplikasyon yo pou liv tès la parèt touswit apre eksplikasyon tradwi yo li a.

Lè tout elèv yo pare, siveyan ou a pral di:



Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 65 minit pou travay sou Seksyon 1, Tès Lekti a. Nou pral pran yon pòz kout 5 minit lè seksyon sa a fini. Tanpri mete kalkilatris ou atè anba biwo ou; ou pa pral bezwen li pou seksyon sa a.

Asire w ap itilize yon kreyon No. 2 epi ou ranpli tout ti wonn pou repons ou a nèt epi byen fonsè. Si ou chanje repons ou, efase li nèt. Si w fini anvan lè a rive, ou ka verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou pa dwe ale nan okenn lòt seksyon.

Sonje y ap ba ou pwèn pou repons kòrèk yo, men ou pa pèdi pwèn pou repons ki pa kòrèk. Sa vle di ou ta dwe eseye reponn chak kesyon, menm si ou pa sèten si repons la kòrèk.

Chèche Seksyon 1 nan fèy repons ou yo. Asire w ke ou make repons ou yo nan espas ki nimewote ki koresponn ak kesyon yo ki gen menm nimewo a nan Seksyon 1 an. Kounye a, ouvri liv tès ou a nan Seksyon 1 an, li enstriksyon yo, epi kòmanse travay. Lè a kòmanse kounye a. Bòn chans.

Aprè 30 minit, siveyan ou a pral di:



Ou gen 35 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè 60 minit, siveyan ou a pral di:



Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè egzakteman 65 minit, siveyan ou a pral di:



Sispann travay epi depoze kreyon ou. Fèmen fèy repons ou a epi mete li anndan devan liv tès ou a. Fèmen liv tès ou, epi kite li sou biwo ou a. Kounye a n ap pran yon pòz pou 10 minit

Si ou te pote yon ti goute, ou ka manje l kote yo mete pou moun manje sèlman. Pa ale okenn lòt kote pase kote yo ba ou la, koulwa a, oswa twalèt la. Pa pale nan koulwa a oswa diskite kesyon yo avèk nenpòt moun. Panse ak moun ki nan lòt sal yo.

Nou pral kòmanse pran tès la ankò nan egzakteman 10 minit.


Si lekòl ou a PA ranmase zafè pèsonèl elèv yo, siveyan ou a pral di:




Ou pa dwe itilize yon telefòn oswa nenpòt lòt aparèy elektwonik pandan pòz sa a oswa pandan nenpòt lòt pòz pandan tès la. Tout telefòn oswa lòt aparèy dwe rete fèmen epi mete yo sou kote anba biwo ou a.

1.4.1 Pandan Pòz la

Alafen pòz la, siveyan ou a pral di :

 Tanpri pran plas ou.

1.4.2 Eksplikasyon yo pou Seksyon 1 Liv Tès la

 Sa ki anba la a se yon tradiksyon eksplikasyon yo ou te jwenn nan kòmansman Seksyon 1 nan liv tès ou a.

65 MINIT, 52 KESYON (TAN ESTANDA)


Ale nan Seksyon 1 nan fèy repons ou pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.

EKSPLIKASYON

Chak pasaj oswa de pasaj ansanm ki anba yo gen yon kantite kesyon ki vin apre . Apre ou fin li chak pasaj oswa de ansanm, chwazi repons ki pi bon pou chak kesyon baze sou sa ki deklare a oswa sa yo sanble yo ta vle di a nan pasaj la oswa nan pasaj yo epi nan nenpòt grafik ki vin avèk yo (tankou yon tab oswa graf).

1.4.3 Deklarasyon Sètifikasyon

Lè tout elèv yo pare, siveyan ou a pral di:


 Lè ou remèt fèy repons ou a, ou dakò ou pa pral, nan okenn sikonstans, soti ak okenn kesyon tès yo nan sal tès la, pataje yo ak nenpòt moun, oswa diskite yo ak nenpòt moun pa nenpòt ki mwayen, landan yo men ka gen lòt mwayen tankou, imèl, tèks mesaj , oswa entènèt la. Kondisyon sa yo te ekri nan *SAT School Day Student Guide (Gid pou Elèv pou Jounen SAT a)* ak sou entènèt nan sat.org.

Retire fèy repons ou an, men kite liv tès ou a fèmen. Ale nan paj dèyè fèy repons lan, epi chèche Deklarasyon Sètifikasyon an. Apre ou fin li paragaf la sou règleman yo nan pati anba a, kopye deklarasyon jan ou konn ekri alamen - li ok pou ekri an lèt detache oswa ak lèt kole yonn ak lòt. Apre sa, siyen tout non ou jan ou ta fè l nan yon dokiman ofisyèl. Tou kole siyati ou, mete dat jodia. Leve tèt ou lè ou fini.

Sa ki anba la a se yon tradiksyon Deklarasyon Sètifikasyon an ki dèyè fèy repons ou a. Kopye deklarasyon an nan lang Angle, pa kopye tradiksyon an yo bay la a.


Mwen konfime mwen se moun nan non li ekri nan fèy repons lan epi mwen pran angajman pou swiv politik sekirite ak jistis tès la jan sa dekri nan gid yo pou egzamen an.

1.5. Seksyon 2 — Tès Ekriti ak Langaj

 **Tan estanda pou Seksyon 2 se 35 minit.** Si w ap pran tès la ak yon aranjman apwouve, tan limit ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo siveyan ou an ap li.

Yon tradiksyon eksplikasyon yo pou liv tès la parèt touswit apre eksplikasyon tradwi yo li a.


Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

 Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 35 minit pou travay nan Seksyon 2, Tès Ekriti ak Lang. Si ou fini anvan lè a rive, ou ka verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou pa dwe ale nan okenn lòt seksyon. Tanpri mete kalkilatris ou atè anba biwo ou; ou pa pral bezwen li pou seksyon sa a.


Kenbe fèy repons ou ak liv tèl ou a plat sou biwo ou.

Kounye a chèche Seksyon 2 nan fèy repons ou yo. Asire w ou make repons ou yo nan espas yo ki gen nimewo ki koresponn ak kesyon yo ki gen menm nimewo a nan Seksyon 2 la. Louvri liv tèl ou a nan Seksyon 2, li esplikasyon yo, epi kòmanse travay. Lè a kòmanse kounye a.

Aprè 15 minit, siveyan ou a pral di:

 Ou gen 20 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè 30 minit, siveyan ou a pral di:

 Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè egzakteman 35 minit, siveyan ou a pral di:

 Sispann travay epi depoze kreyon ou.

Mete fèy repons ou nan paj ki nan liv tèl ou a kote ou te kanpe travay la. Fèmen liv tèl ou an.

1.5.1 Eksplikasyon yo pou Seksyon 2 nan Liv Tèl la



Sa ki anba la a se yon tradiksyon eksplikasyon yo ou te jwenn nan kòmansman Seksyon 2 nan liv tèl ou a.

35 MINIT, 44 KESYON (STANDARD TIME)

Ale nan Seksyon 2 nan fèy repons ou pou reponn kesyon ki nan seksyon sa a.

EKSPLIKASYON

Chak pasaj ki anba a gen yon kantite kesyon ki vin avèk li. Pou kèk kesyon, ou pral konsidere ki jan pasaj la ta ka revize pou amelyore ekspresyon lide yo. Pou lòt kesyon yo, ou pral konsidere ki jan pasaj la ta ka modifiye pou korije erè nan estrikti fraz, itilizasyon, oswa ponktiyasyon. Yon pasaj oswa yon kesyon ka gen youn oswa plis grafik ki mache avè l (tankou yon tab oswa graf) ke ou pral konsidere pandan w ap pran desizyon pou revize epi modifiye yo.

Kèk kesyon pral voye ou nan yon pòsyon ki souliye nan yon pasaj. Lòt kesyon yo pral voye ou nan yon pati nan yon pasaj oswa mande ou pou panse sou tout pasaj la.

Aprè ou fin li chak pasaj, chwazi repons pou chak kesyon ki pi sanble li ka amelyore ak efikasite kalite jan pasaj la ekri oswa ki fè pasaj la konfòm ak konvansyon estanda Angle ekri. Anpil kesyon gen ladan yo yon opsyon "PA CHANJE". Chwazi opsyon sa a si ou panse pi bon chwa a se kite pòsyon ki enpòtan nan pasaj la jan li ye a.


1.6 Seksyon 3 — Tèl Matematik – San Kalkilatr



*Tan estanda a pou Seksyon 3 a se **25 minit**, ak yon **5 minit pòz** alafen seksyon an. Si w ap pran tèl la ak yon aranjman apwouve, lè ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo siveyan ou an ap li.*

Yon tradiksyon eksplikasyon yo pou liv tèl la parèt touswit aprè eksplikasyon tradwi yo li a.

Lè tout elèv yo pare, siveyan ou a pral di:

-  Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 25 minit pou travay sou Seksyon 3 a, Tès Matematik san Kalkilatis la. Nou pral pran yon pòz tou kout lè seksyon sa a fini.


Malgre se yon seksyon matematik, ou gen dwa sèvi ak yon kalkilatis nan pati sa a nan tès la epi ou dwe kenbe kalkilatis ou anba biwo ou sof si ou gen yon aranjman apwouve pou sèvi ak yon kalkilatis ak 4 fonksyon.

Esplikasyon yo sou kijan pou mete repons ou a pou kesyon yo ki make "Student-Produced Responses" ("Repons Elèv yo Bay yo") nan liv tès ou a. Repons elèv sa yo pwodwi a ka pi kout, men pa pi long pase kat chif. Asire w ou make repons ou yo nan espas yo ki nimewote ki koresponn ak kesyon yo ki gen menm nimewo a nan Seksyon 3 a.


Si w fini anvan lè a rive, ou ka verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou pa dwe ale nan okenn lòt seksyon.

Kounye a, ouvri liv tès ou a epi mete fèy repons ou a deyò. Kenbe fèy repons ou ak liv tès ou a plat sou biwo ou. Chèche Seksyon 3 nan fèy repons ou yo. Kounye a ale nan Seksyon 3 nan liv tès ou a, li eksplikasyon yo, epi kòmanse travay. Lè a kòmanse kounye a.


Aprè 10 minit, siveyan ou pral di:

-  Ou gen 15 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè 20 minit, siveyan ou an pral di:

-  Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.


Aprè egzakteman 25 minit, siveyan ou a pral di:

-  Sispann travay epi depoze kreyon ou.

Mete fèy repons ou an nan paj ki nan liv tès ou a kote ou te kanpe travay la. Fèmen liv tès ou, epi kite li sou biwo ou. Nou pral pran yon pòz 5 minit. Si ou te pote yon ti goute, ou ka manje l kote yo mete pou moun manje sèlman. Jan nou te di sa, pa ale okenn lòt kote pase kote yo ba ou a, koulwa a, oswa twalèt la. Pa pale nan koulwa a oswa diskite kesyon yo avèk nenpòt moun. Panse ak moun ki nan lòt sal yo. Nou pral kòmanse pran tès la ankò nan egzakteman 5 minit.

1.6.1 Pandan Pòz la.

Alafen pòz la, siveyan ou a pral di :

-  Tanpri pran plas ou.

1.6.2 Eksplikasyon yo pou Seksyon 3 Liv Tès la



Sa ki anba la a se yon tradiksyon eksplikasyon yo ou te jwenn nan kòmansman an nan Seksyon 3 nan liv tès ou.

25 MINIT, 20 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan seksyon 3 nan fèy repons ou pou reponn kesyon ki nan seksyon sa a.


EKSPLIKASYON

Pou kesyon 1-15, rezoud chak pwoblèm, chwazi repons ki pi bon nan chwa yo te bay la, epi ranpli ti wonn ki koresponn lan sou fèy repons lan. **Pou kesyon 16-20**, rezoud pwoblèm nan epi antre repons ou nan griy la sou fèy repons lan. Tanpri, al gade nan eksplikasyon yo anvan kesyon 16 la sou kijan pou antre repons ou yo nan griy la. Ou ka itilize nenpòt espas ki vid nan ti liv tès ou a kòm bouyon.

NÒT


1. Yo pa pèmèt ou itilize yon kalkilatris.
2. Tout varyab ak ekspresyon yo itilize reprezante nonm reyèl sof si nou endike yon lòt bagay.
3. Desen yo bay nan tès sa a trase sou echèl sof si nou endike yon lòt bagay.
4. Tout desen yo fèt sou yon plan sòf si nou endike yon lòt bagay.
5. Sòf si yo bay lòt enòmasyon, domèn nan yon fonksyon f se seri tout chif reyèl x kote
6. $f(x)$ se yon chif reyèl.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = \ell w$$





$$A = \frac{1}{2}bh$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$



Triyang Rektang Espesyal




$$V = \ell wh$$




$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3}\pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3}\pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3}\ell wh$$

Kantite degre ak nan yon sèk se 360.

Kantite radyan yon ak nan yon sèk se 2π .


Sòm mezi ang yon triyang an degre se 180 degre.

EKSPLIKASYON

Pou kesyon 16-20, rezoud pwoblèm nan epi antre repons ou nan griy la, jan sa dekri anba a, sou fèy repons lan.

1. Menm si sa pa obligatwa, yo sigjere ou ekri repons ou an nan kare yo ki anlè tèt kolòn yo pou ede w ranpli ti wonn yo kòrèk. Ou pral resevwa kredi sèlman si ti wonn yo ranpli kòrèk.
2. Pa make plis pase yon sèl wonn nan nenpòt ki kolòn.
3. Pa gen kesyon ki gen yon repons negatif.
4. Kèk pwoblèm ka gen plis pase yon repons ki kòrèk. Nan ka sa yo, chwazi sèlman yon sèl repons nan griy la.

5. **Nonmik** yo tankou $3\frac{1}{2}$ dwe rantrè nan griy la tankou 3.5 oswa $\frac{7}{2}$. (Si



rantrè nan griy la, yo pral entèprete li tankou $\frac{31}{2}$, olye $3\frac{1}{2}$.)

6. **Repons desimal**: Si ou jwenn yon repons desimal ki gen plis chif pase griy la ka pran, li ka swa awondi oswa koupe, men li dwe ranpli tout griy la.

Repons: $\frac{7}{12}$

Ekri repons la nan bwat yo.

7	/	1	2
.	.	.	.
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

← Fraksyon liy

Mete resilta a nan griy la.

Repons: 2.5

	2	.	5
.	.	.	.
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

← Pwen desimal

Bon fason pou mete $\frac{2}{3}$ nan griy la se:

	2	/	3
.	.	.	.
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

.	6	6	6
.	.	.	.
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

.	6	6	7
.	.	.	.
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

Repons: 201 - kèlkeswa pozisyon an kòrèk

	2	0	1
.	.	.	.
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3

2	0	1	
.	.	.	.
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3

NÒT:
Ou ka kòmanse repons ou yo nan nenpòt kolòn, depi gen plas. Kolòn ou pa bezwen yo ta dwe rete vid.

1.7 Seksyon 4 — Tès Matematik – Kalkilatis



*Tan estanda pou Seksyon 4 la se **55 minit**. Si w ap pran tès la ak yon aranjman apwouve, lè ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo siveyan ou a pral li.*

Yon tradiksyon eksplikasyon yo pou liv tès la parèt touswit apre eksplikasyon tradwi yo li a.

Lè tout elèv yo pare, siveyan ou a pral di:



Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 55 minit pou travay nan Seksyon 4, Tès Matematik- Ak Kalkilatis.

Ou kapab sèvi ak yon kalkilatis pou seksyon sa a. Tanpri mete kalkilatis ou deyò epi mete l nan mitan biwo ou a.

Lè w ap itilize yon kalkilatis, swiv gid sa yo:

- Kenbe li plat sou biwo ou oswa kenbe li pou lòt elèv pa ka wè travay ou.
- Pa pataje oswa boukante kalkilatis ou.
- Si ou te pote yon kalkilatis de rezèv oswa pil, kite yo atè a anba biwo ou.
- Si kalkilatis ou gen pwoblèm epi ou gen batri oswa yon kalkilatis de rezèv, leve men ou. Mwen pral wè si sa ou pote de rezèv la akseptab. Si ou pa gen de rezèv, kontinye tès la. Tout kesyon matematik yo kapab reponn san yon kalkilatis.

Esplikasyon yo sou kijan pou mete repons ou a pou kesyon yo ki make "Student-Produced Responses" ("Repons Elèv yo Bay yo") nan liv tès ou a. Repons yo ki make repons elèv yo pwodwi kapab pi kout, men pa pi long, pase kat chif. Asire w ou make repons ou yo nan espas yo ki nimewote a ki koresponn ak kesyon yo ki gen menm nimewo a nan Seksyon 4 la.

Si ou fini anvan lè a rive, ou ka verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou pa dwe ale nan okenn lòt seksyon.

Kounye a, ouvri liv tès ou a epi mete fèy repons ou a deyò. Kenbe fèy repons ou ak liv tès ou a plat sou biwo ou. Chèche Seksyon 4 nan fèy repons ou yo. Ale nan Seksyon 4 nan liv tès ou a, li eksplikasyon yo, epi kòmanse travay. Lè a kòmanse kounye a.

Aprè 25 minit, siveyan ou a pral di:



Ou gen 30 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè 50 minit, siveyan ou a pral di:



Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè egzakteman 55 minit, siveyan ou a pral di:



Sispann travay epi depoze kreyon ou. Fèmen liv tès la ak fèy repons lan. Mete fèy repons ou an akote liv tès ou a.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:



Mete kalkilatis ou anba biwo ou. N ap pran yon pòz pou detann nou pou 2 minit. Ou pa ka kite sal la oswa diskite kesyon nan tès la.

1.7.1 Pandan Pòz la

Si w ap pran SAT a san Redaksyon, sipèvizè ou a pral sote pou ale nan "After the Test" (Aprè Tès la").

Alafen pòz la, siveyan ou a pral di :

- Tanpri pran plas ou. Kounye a mwen pral ranmase liv tès ou yo. Wap bezwen kenbe fèy repons ou a pou seksyon Redaksyon nan tès la. Tanpri chita san fè bri pandan m ap ranmase epi konte liv tès yo.

1.7.2 Eksplikasyon yo pou Seksyon 4 Liv Tès la

Sa ki anba la a se yon tradiksyon eksplikasyon yo te bay nan kòmansman an nan Seksyon 4 nan liv tès ou a.

55 MINIT, 38 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan seksyon 4 nan fèy repons ou pou reponn kesyon ki nan seksyon sa a.


EKSPLIKASYON

Pou kesyon 1-30, rezoud chak pwoblèm, chwazi repons ki pi bon nan chwa yo bay la, epi ranpli ti wonn ki koresponn yo sou fèy repons lan. **Pou kesyon 31-38**, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou nan griy la sou fèy repons lan. Tanpri ale nan eksplikasyon yo anvan kesyon 22 sou fason pou mete repons ou yo nan griy la. Ou ka itilize nenpòt espas ki vid nan ti liv tès ou a kòm bouyon.

NÒT


- Yo pèmèt ou itilize yon kalkilatris.
- Tout varyab ak ekspresyon yo itilize reprezante nonm reyèl sof si nou endike yon lòt bagay.
- Desen yo bay nan tès sa a trase sou echèl sof si nou endike yon lòt bagay.
- Tout desen yo fèt sou yon plan sòf si nou endike yon lòt bagay
- Sòf si nou endike yon lòt bagay, domèn yon fonksyon f se ansanm tout nonm reyèl yo x kote $f(x)$ se yon nonm reyèl.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = \ell w$$




$$A = \frac{1}{2}bh$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$




Triyang Rektang Espesyal




$$V = \ell wh$$



$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3}\pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3}\pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3}\ell wh$$

Kantite degre ak nan yon sèk se 360.

Kantite radyan ak nan yon sèk se 2π .

Sòm mezi ang yon triyang an degre se 180 degre.

EKSPLIKASYON

Pou kesyon 31-38, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou nan griy la, jan yo dekri sa a anba a, sou fèy repons lan.

1. Menm si sa pa obligatwa, yo sigjere ou ekri repons ou an nan kare yo ki anlè tèt kolòn yo pou ede w ranpli ti wonn yo kòrèk. Ou pral resevwa kredi sèlman si ti wonn yo ranpli kòrèk.
2. Pa make plis pase yon sèl wonn nan nenpòt ki kolòn.
3. Pa gen kesyon ki gen yon repons negatif.
4. Kèk pwoblèm ka gen plis pase yon repons ki kòrèk. Nan ka sa yo, chwazi sèlman yon sèl repons nan griy la.
5. **Nonm miks** yo tankou $3\frac{1}{2}$ dwe rantrè nan griy la tankou 3.5 oswa $7/2$. (Si

3	1	/	2
○	○	○	○
○	○	○	○

 antre nan griy la, li pral entèprete tankou se $\frac{31}{2}$, olye $3\frac{1}{2}$.)
6. **Repons desimal**: Si ou jwenn yon repons desimal ki gen plis chif pase griy la ka pran, li ka swa awondi oswa koupe, men li dwe ranpli tout griy la.

Repons: $\frac{7}{12}$

Ekri repons la nan bwat yo.

7	/	1	2
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○

Mete resilta a nan griy la.

← Fraksyon liy

Repons: 2.5

← Pwen desimal

	2	.	5
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○

Bon fason pou mete $\frac{2}{3}$ nan griy la se:

	2	/	3
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○

.	6	6	6
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○

.	6	6	7
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○

Repons: 201 - kèlkeswa pozisyon an kòrèk

	2	0	1
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○

2	0	1	
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○
○	○	○	○

NÒT:
Ou ka kòmanse repons ou yo nan nenpòt kolòn, depi gen plas. Kolòn ou pa bezwen yo ta dwe rete vid.

1.8 Redaksyon SAT



*Tan estanda pou Redaksyon SAT a se **50 minit**. Si w ap pran tès la ak yon aranjman apwouve, tan limit ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo siveyan ou a pral li.*

Yon tradiksyon deklarasyon sou itilizasyon redaksyon ou a (nan fèy repons lan) ak esplikasyon yo pou liv Redaksyon an parèt apre direksyon ou tande ki tradwi yo.

Pou tout elèv yo, siveyan ou an pral di:



Mwen pral kounye a bay nou chak yon liv redaksyon. Pa louvri liv Redaksyon an jiskaske mwen di ou fè sa.

Aprè sa, siveyan ou a ap ba ou nimewo kòd, non, ak nimewo sal oswa non lekòl ou a, jan sa a:



Lè ou jwenn liv Redaksyon ou a, vire li epi ekri siyati ou, non ou, ak inisyal dezyèm non ou, si ou gen youn. Apre sa a ekri nimewo kòd lekòl sa a _____, non lekòl la _____, ak nimewo sal sa a (oswa non) _____.

Après sa, siveyan ou a pral di:



Kounye a, louvri fèy repons ou a nan paj 6. Si w ap itilize yon fèy repons an gwo blòk, louvri nan paj 30 la. Sou do liv Redaksyon ou an, chèche Kòd Redaksyon an. Kopye kòd redaksyon an nan seksyon an sou fèy repons ou an egzakteman jan li parèt sou do liv Redaksyon ou an. Pati sa a dwe ranpli kòrèkteman, oswa redaksyon ou pap jwenn nòt.

Kite fèy repons ou an louvri nan paj sa a, epi pran yon ti moman pou li tèk sou itilizasyon redaksyon ou an; lè sa a, deside si wi ou non w ap make ti wonn nan (oswa kare a) Lè ou fini li, tanpri leve tèt ou.

Lè tout elèv gen yon Liv Redaksyon, siveyan ou a pral di:



Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 50 minit pou travay sou Redaksyon SAT a. Ou ka pran nòt epi planifye redaksyon ou nan Paj Planifikasyon ki pa gen liy nan, men yo pa pral ba ou nòt pou okenn sa ou ekri nan paj la. Lè ou pare, ou pral bezwen kòmanse ekri redaksyon ou nan premye paj ki gen liy nan, "Begin Your Essay Here" ("Kòmanse Redaksyon ou a La"). Ou dwe ekri redaksyon ou sou paj fèy repons ki apwopriye yo epi nan liy yo make yo. Pa kontinye ekri apre kote ki ekri "STOP" la sou dènye liy nan paj la, paske tout sa ki ekri apre pati sa a pap jwenn nòt. Ou pa otorize pou gen okenn paj an plis. Ou dwe ekri redaksyon ou avèk yon kreyon No. 2. Si ou pa itilize yon kreyon No 2, redaksyon ou a ap parèt vid. Si ou kite redaksyon an vid, ou pral resevwa yon nòt zewo pou redaksyon.

Aprè sa siveyan ou an pral di:



Li esplikasyon yo sou kouvèti liv Redaksyon ou a, epi ouvri liv Redaksyon ou a epi kòmanse travay. Lè a kòmanse kounye a.

Aprè 25 minit yo pase, siveyan ou a pral di:



Ou gen 25 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè 45 minit, sipèvizè ou a pral di:



Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè egzakteman 50 minit, siveyan ou a pral di:



Sispann travay epi depoze kreyon ou. Fèmen fèy repons ou ak liv Redaksyon ou. Mete fèy repons ou an akote liv Redaksyon ou.

1.8.1 Eksplikasyon pou Liv Tès la



Sa ki anba la a se yon tradiksyon nan direksyon yo te jwenn sou kouvèti a devan nan liv Redaksyon ou.

EKSPLIKASYON

Redaksyon an ba ou yon opòtinite pou montre ki jan ou kapab li epi konprann yon pasaj ak efikasite epi ekri yon redaksyon pou analize pasaj la. Nan redaksyon ou a, ou ta dwe demontre ke ou te li pasaj la ak anpil atansyon, prezante yon analiz klè ak lojik, epi sèvi ak yon langaj ak presizyon.

Ou dwe ekri redaksyon ou sou liy yo bay nan ti liv repons ou an; Eksepte pou paj Planifikasyon nan ti liv repons la, ou pap resevwa okenn lòt papye pou ekri. Ou pral gen ase espas si ou ekri sou chak liy, evite kite espas twò laj, epi kenbe ekriti ou nan yon gwo rezonab. Sonje ke moun ki pa abitye ak ekriti ou a pral li sa ou ekri. Eseye ekri oswa ekri ak lèt detache pou lektè yo kapab li sa ou ekri yo.

Ou gen 50 minit pou li pasaj la epi ekri yon tèks redaksyon pou reponn a sa yo bay nan ti liv sa a.

LIV TÈS SA A PA DWE KITE SAL LA.
YO DEFANN KOPI OSWA ITILIZASYON SAN OTRIZASYON OKENN PATI
NAN LIV TES LA.

SONJE

- Pa ekri redaksyon ou an nan ti liv sa a. Se sèlman sa ou ekri sou paj ki gen liy nan ti liv repons ou a yo pral evalye.
- Yo pap evalye yon redaksyon ki pa rete nan sijè a.

2 Apre Tès la

Pou tout elèv yo, siveyan ou an pral di:



Konpliman-ou fèk fini tès la! Anvan mwen ranmase materyèl tès ou yo, tanpri vire fèy repons ou an epi tcheke si ou te mete kòd fòm lan nan seksyon A a (nan paj 16 si w ap itilize yon fèy repons gwo blòk). Kòd fòm sa a nesèsè pou bay tès ou a nòt. Tanpri leve men ou si ou bezwen èd pou fin ranpli kare a.

Aprè sa siveyan ou an pral di:



Mwen pral kounye a kolekte materyèl tès ou yo. Tanpri chita tou dousman jiskaske mwen di nou ale.

2.1 Konplete Fèy Repons yo

Si ou fin ranpli enfòmasyon pèsònèl ou sou fèy repons ou an, siveyan ou an pral ranmase fèy repons ou an epi sote pati ki ekri "Before Student Dismissal" ("Anvan Yo Ranvwaye Elèv yo").

Si ou pat fin ranpli enfòmasyon pèsònèl ou sou fèy repons lan, oswa si enfòmasyon pèsònèl ou te la, men ou vle chanje chwa ou yo sou ki kote pou voye nòt ou yo nan seksyon 14, siveyan ou an pral mande ou pou w chita tou dousman pandan lòt elèv yo ranvwaye.

Lè elèv yo pare, siveyan ou an pral di:



Kòm yon pati nan SAT Jou Lekòl, ou pral gen yon chans pou w reponn kèk kesyon sou ou ak sou plan yo pou kolèj ou, epi pou chwazi jiska kat kote oswa pwogram pou voye nòt ou yo.

Pou seksyon 9-13, siveyan ou a pral di:

- Si ou gen yon antèt tou ranpli sou fèy repons ou an, tcheke pou wè si adrès la enprime sou li kòrèk. Si li kòrèk, pa make anyen nan kare 9 a 13. Si ou pa gen okenn antèt oswa adrès la pa kòrèk, ale nan paj 2 (oswa paj 4 nan fèy repons an gwo blòk la), epi ranpli adrès ou nan seksyon 9 jiska 12. Kite seksyon 13 la vid. Leve men ou si ou gen nenpòt kesyon. Leve tèt ou lè ou fini.

Pou seksyon 14, siveyan ou a pral di:

- Nou pral tounen nan seksyon 14 la nan kèk minit. kite li vid pou kounye a.

Pou seksyon 15, siveyan ou a pral di:

- Ale nan paj 3 (oswa rete nan paj 5 nsi w ap itilize yon fèy repons gwo blòk yo). Seksyon 15 la mande si ou ta renmen patisipe nan Sèvis Rechèch Elèv la. Sèvis sa a ka ede w konekte ak opòtinite yo. Di "Wi" pou sèvis sa a pèmèt pwogram bousdetid kolèj, ak lòt òganizasyon voye enfòmasyon sou opòtinite èd edikasyonèl ak finansye yo ofri. Òganizasyon edikasyonèl nonpwofi ki mande li pral resevwa enfòmasyon ou bay sou fèy repons lan, men yo p ap resevwa nòt tès aktyèl la ak nimewo telefòn ou. Gen plis enfòmasyon konsènan Student Search Service (Sèvis Rechèch Elèv) nan *Student Answer Sheet Instructions (Eksplikasyon yo pou Fèy Repons Elèv la)*. Si ou pa reponn epi ou te deja fè chwapou patisipe nan sèvis sa a, College Board la ap kontinye bay enfòmasyon ou. Tanpri fè chwa ou

Pou seksyon 16, siveyan ou a pral di:

- Si ou ta renmen resevwa enfòmasyon College Board la ap voye pa imèl, ki gen ladan li enfòmasyon sou nòt ou lè yo vin disponib sou entènèt, ekri adrès imèl ou an epi ranpli ti wonn yo ki koresponn nan bwat 16 la. Endike nan tèt seksyon an si wi ou non se adrès imèl pa ou a oswa adrès yon paran oswa gadyen legal la. Si ou bay pwòp adrès imèl ou (pa imèl paran oswa gadyen legal la) epi dakò pou patisipe nan Sèvis Rechèch Elèv la nan seksyon 15, ou ka jwenn enfòmasyon sou kolèj yo voye nan adrès imèl ou.

Pou tout elèv yo, pou seksyon 17 la, siveyan ou a pral di:

- Seksyon 17 mande pou nimewo telefòn selilè ou nan U.S. Se sèlman nimewo telefòn selilè nan U.S. yo aksepte. Tanpri revize dokiman an nmwen te ba w la sou Règleman Mobile Opt-In anvan ou deside si w bay nimewo ou. W ap kapab ale ak dokiman sa a lakay ou pou referans apre. Lè ou bay nimewo ou a, ou dakò pou resevwa tèks mesaj College Board la ap voye sou SAT, pou patisipe nan sondaj rechèch yo, epi pou resevwa enfòmasyon gratis sou sèvis planifikasyon yo pou kolèj. Ou ka refize nenpòt ki lè. College Board la pap pataje nimewo telefòn ou avèk lòt òganizasyon.

Si ou dakò ak règleman sa yo, antre nimewo telefòn ou. Tanpri leve tèt ou lè ou fini.

2.2 Anvan yo Voye Elèv yo Ale


Lè yo fin ranmase tout materyèl elèv yo, siveyan ou a pral di:

- Sonje byen, ou pa ta dwe, nan nenpòt sikonstans, retire nenpòt kesyon tès nan sal tès la, bay nenpòt ki moun, oswa diskite sou yo ak nenpòt moun pa nenpòt mwayen, ki gen ladan imèl, mesaj tèks, oswa entènèt la.

Pou tout elèv ki nan sal Redaksyon SAT an, siveyan ou a pral di:


- Anplis de sa, ou pa otorize pou diskite osinon pataje kesyon redaksyon jodi a jiskaske redaksyon an disponib sou entènèt la.

Aprè sa siveyan ou an pral di:


-  Kounye a tande enfòmasyon enpòtan sa a. Si ou vle anile nòt ou anvan ou kite, mande m pou yon dokiman ki rele Demann pou Anile Nòt Tès la, ou dwe ranpli anvan ou kite sal la. Pou anile nòt ou pita, ou dwe notifiye College Board la pa ekri pa pita pase 11:59 p.m. Lè zòn lès sou 4yèm jou lasemèn apati jounen jodi a.

Voye demann anilasyon an pa lapòs menm jou swa a oswa pa faks. Ou pa ka anile nòt ou yo ak yon mesaj imel oswa yon kout fil nan telefòn.

Si lekòl ou a te ranmase zafè pèsònèl elèv yo, siveyan ou pral di:

-  Nou fin bay tès sa a kounye a. Pandan w ap prepare pou ale, tanpri vini pran zafè pèsònèl ou yo mwen te kolekte nan men ou anvan. Yon fwa ou gen tout bagay ou, ou ka sòti nan sal la tou dousman. Tanpri sonje gen elèv nan lòt sal yo k ap pran tès la toujou. Konpliman ankò epi mwen remèsye ou pou patisipasyon ou ak pou tout efò ou fè.

Si lekòl ou a PA ranmase zafè pèsònèl elèv yo, siveyan ou a pral di:

-  Nou fin bay tès sa a kounye a. Ranmase bagay ou yo, epi sòti nan sal la tou dousman. Tanpri sonje gen elèv nan lòt sal yo k ap pran tès la toujou. Konpliman ankò epi mwen remèsye ou pou patisipasyon ou ak pou tout efò ou fè.